

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

*Blended Learning* salasihiji métode pangajaran anu dilakukeun dina mangsa sasalad Covid-19. Méh unggal pangajaran dina mangsa éta ngagunakeun éta métode. Kitu ogé dina pangajaran Basa Sunda ngagunakeun *Blended Learning* minangka métodena. Dina pangajaran nu ngagunakeun métode *blended learning* aya dua kagiatan nu dilakukeun, nyaéta pangajaran tatap muka jeung pangajaran *online*. Tanaga pangajar jeung siswa bisa ngalakukeun komunikasi sanajan jarakna jauh sarta tempatna béda. Siswa bisa ogé diajar sacara tatap muka disagedegeun pangajaran *online* (Istiningsih & Hasbullah, 2015). Sangkan tujuan jeung fungsi pendidikan bisa kahontal sacara maksimal, perlu dilakukeun sababaraha inovasi dina prosés diajar, di antarana *Blended Learning*.

*Blended* sacara harfiah miboga harti campuran atawa campuran sarta lamun digabungkeun jeung kecap *Learning* nu hartina pangajaran, jadi miboga harti pangajaran campuran. Kagiatan pangajaran bisa dijalankeun babarengan sacara daring jeung luring sangkan siswa bisa komunikasi jeung guru sacara jelas. Lamun aya materi nu teu dipipaham, siswa bisa nanya ka guru ngaliwatan *platform* daring atawa nanya sacara langsung nalika pangajaran tatap muka lumangsung.

*Blended learning* nya éta gabungan métode diajar konvénisional (tradisional) tatap muka sarta ceramah jeung pangajaran *E-learning* dimana prosés pangajaranna dilakukeun sacara *online* atawa *offline*. Siswa ditungtut pikeun bisa diajar sacara mandiri, namung angger aya pertemuan tatap muka jeung pendidik sangkan kagiatan prosés diajar tetep ka kontrol (Istiqomah, 2013:104-105).

Kiwari nulis téh kudu geus jadi hiji kabiasaan utamana keur siswa, lantaran kacida pentingna keur kahirupan sapopoé. Kaparigelan basa Sunda diwangun ku opat aspék, nyaéta aya ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Loba anggapan yén nulis mangrupa kagiatan nu hésé. Salasihiji contona dina nulis aksara Sunda. Lantaran dina ieu aksara miboga aturan jeung kaédah-kaédah nu tangtu, boh dina aksara ngalagena, boh dina aksara vokal, angka jeung dina rarangkénna. Ku lantaran kitu, sangkan bisa nulis aksara Sunda nu hadé diperlukeun latihan, kabiasaan, jeung padika (Utami, 2018).

Rita Nurazhar, 2022

**MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)**  
Universitas Pendidikan Indonesia | [revository.upi.edu](https://revository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)

Mangsa kiwari teu sakabéh urang Sunda maham kana aksara Sunda, kaasup barudak sakola nu aya di daérah Sundana sorangan. Ieu hal balukar tina teu sakabéh sakola ngawajibkeun siswana keur diajar atawa dina prak diajarna ogé ngan saliwat hungkul, komo kamari ka ganggu ku ayana covid-19 nu ngalantarakeun siswa lolobana diajar di imah. Ieu hal nyababkeun siswa jadi teu paham atawa teu ngarti kana pangajaran Aksara Sunda. Lian ti kitu, asupna kabudayaan deungeun jadi hal nu ngalantarankeun kurangna karep diajar aksara Sunda di masarakat, utamana di lingkungan sakola. Antukna éksisténsi aksara Sunda ngurangan (Prayoga, 2021).

Léngkah mimiti ngamumulé aksara Sunda bisa dimimitian di sakola. Lantaran dumasar Kurikulum Tingkat Daérah 2013 revisi 2017, aksara Sunda kaasup salasahiji matéri nu kudu ditepikeun di SMP/MTS kelas VII kalawan Kompetensi Dasar (KD) seperti ieu di handap:

*3.8. Mengidentifikasi bentuk dan tata cara penulisan aksara Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya.*

*4.8. Menyusun dan menyajikan teks aksara Sunda dengan memperhatikan ketepatan bentuk dan kaidah penulisannya.*

Materi pangajaranna ngawengku bentuk aksara Sunda Kaganga (aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, angka), tata cara/kaidah panulisan, jeung topik (nyusun kecap atawa kalimah sederhana ngagunakeun aksara Sunda).

Kamampuh guru dina nepikeun pangajaran aksara Sunda sakapeung masih kénéh kurang, ngan saukur maké métode ceramah bari teu dibarengan ku métode atawa modél pangajaran anu bisa ngarojong kana kagiatan pangajaran nulis aksara Sunda, ogé can aya média anu dianggap punjul pikeun pangajaran nulis aksara Sunda. Ku sabab masih kénéh loba pasualan ngeunaan pangajaran nulis Aksara Sunda, kudu aya hiji métode jeung modél pangajaran anu matak ngirut ka siswa sarta matak nyieun resep diajar nulis aksara Sunda. Nepi kiwari saeutik rupa-rupa métode atawa modél anu mampu ngahudang karep siswa dina diajar nulis aksara Sunda.

*Blended Learning* salah sahiji alternatif métode pikeun ngungkulan pasualan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda. Pasualan nalika diajar sacara tatap muka nu ngagunakeun métode ceramah bisa nimbulkeun rasa bosan ka siswa, *blended learning* bisa jadi alternatif sangkan pangajaran leuwih variatif jadi siswa teu gampang bosan. Kitu ogé nalika pangajaran sacara *online* bisa nyieun siswa jadi mahluk anu individual bisa kaungkulan babarengan jeung pangajaran sacara tatap

Rita Nurazhar, 2022

**MÉTODE BLENDED LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)**  
Universitas Pendidikan Indonesia | [revository.upi.edu](http://revository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

muka. Ku kituna, ayana modél pangajaran *blended learning* bisa ngungkulan pasualan saperti kitu. Dina *blended learning* bisa ngamangpaatkeun media *e-learning* nu réa rupana, contona waé aya Youtube, ogé bisa digabungkeun jeung pangajaran konvensional. Jadi, ayana variasi modél pangajaran *blended learning* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda siswa.

Sabab loba kénéh siswa anu can wanoh kana Aksara Sunda, ogé dina penilaian préstasina masih rendah, sahingga dina ieu panalungtikan ngalarapkeun métode *Blended Learning* nu dibantuan ku video pangajaran, dimana métode *blended learning* mangrupa métode pangajaran nu ngaintegraasikeun pangajaran tradisional tatap muka (ceramah) jeung pangajaran jarak jauh (*online*) sarta ngamangpaatkeun sagala rupa média jeung téhnologi.

Ieu panalungtikan lain panalungtikan anu munggaran ngabahas métode pangajaran *blended learning*, tapi pikeun pangajaran aksara Sunda utamana di Prodi Pendidikan Bahasa Daerah mangrupa panalungtikan anu munggaran. Saméméhna aya sababaraha panalungtikan anu patali jeung métode pangajaran *blended learning*, diantarana aya Afrilia Mushlihyati Mardhiyah Achmadi ti Jurusan Bahasa Prancis taun 2019 anu judulna nu judulna “*Penggunaan Media Sosial Instagram dengan Model Blended Learning dalam Pembelajaran Menulis Kalimat Sederhana Bahasa Perancis*” ieu téh kawilang nyugemakeun. Ayana karonjatan sanggeus dilarapkeunna métode *blended learning*. Lian ti éta aya ogé panalungtika anu dilaksanakeun ku Aldi Perdana Prayoga taun 2021 nu judulna *Média Aksundroid Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug Taun Ajaran 2021/2022)*. Dina éta panalungtikan nétélakeun yén kamampuh nulis aksara Sunda siswa sanggeus ngagunakeun média Aksundroid kagolong mampuh, aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média Aksundroid. Jadi, kacindekanna nyaéta Aksundroid bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda di kelas X MIPA 7 SMA Negeri 1 Cicurug taun ajaran 2021/2022.

Bédana panalungtikan nu dilakukeun saméméhna jeung ieu panalungtikan nya éta panalungtikan di luhur leuwih kana média nu dipaké pikeun bahan pangajaran. Sedengkeun ieu panalungtikan ngagunakeun métode pangajaran tuluy medar

kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda, anu ngawengku 5 aspék di antarana aspék aksara swara, aspék aksara ngalagena, aspék rarangkén, aspék angka, jeung aspék karapihan tulisan. Ku lantaran kitu dumasar kana kasang tukang nu dijéntrékeun di luhur ditalungtik “Métode *Blended Learning* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang Taun Ajaran 2022/2023)”

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha pasualan anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. Kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda masih kénéh asor dina unggal aspék nyaéta aspék aksara swara, aksara ngalagena, rarangkén, jeung angka;
- b. Sarta métode pangajaran anu digunakeun kurang ngirut siswa pikeun diajar. Ngabalukarkeun, siswa pasif jeung teu aya motivasi dina diajar aksara Sunda. Sangkan pasualan anu diidéntifikasi di luhur leuwih babari dipaluruh, dina ieu panalungtikan dirumuskeun sababaraha kalimah pananya ieu di handap.
  - a. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023?
  - b. Kumaha kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023?
  - c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh pangaruhna dilarapkeunna métode *Blended Learning* kana kamampuh nulis siswa kelas VII C dina pangajaran Basa Sunda di SMPN 2 Kotabaru Karawang.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun jeung ngajéntrékeun tilu hal, ieu di handap:

- a. Kamampuh nulis aksara Sunda saméméh dilarapkeun métode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023.
- b. Kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023.
- c. Bédana kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun métode *Blended Learning*.

#### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

##### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré kontribusi élmu ngeunaan pamarekan *Blended Learning* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

##### 1.4.2 Mangpaat Praktis

###### a. Pikeun Panalungtik

Nambah pangaweruh jeung pangalaman pikeun panalungtik ngeunaan métode *Blended Learning* salaku métode pangajaran.

###### b. Pikeun Siswa

Dipiharep ayana ieu métode, bisa ngaronjatkeun minat siswa sangkan getol diajarna jeung minat siswa pikeun néangan sumber *referensi* di internet. Ku kituna dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswana ogé.

###### c. Pikeun Guru

Méré ideu pikeun guru sangkan nerapkeun métode pangajaran ka siswa nyaéta *Blended Learning*, sahingga inovasi-inovasi dina prosés pangajaran terus mekar sarta ngirut perhatian siswa dina kagiatan diajar.

#### 1.5 Hipotésis Panalungtikan

Ho : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis Aksara Sunda saméméh jeung sanggeus dilarapkeun metode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang.

Ha : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis Aksara Sunda saméméh jeung sanggeus dilarapkeun metode *Blended Learning* siswa kelas VII C SMPN 2 Kotabaru Karawang.

## 1.6 Raraga Tulisan

Raraga tulisan disusun pikeun ngagambarkeun eusi panalungtikan kalawan tartib. Lian ti éta, ku ayana ieu raraga tulisan dipiharep dina nyusun skripsi téh jadi leuwih gampang. Raraga tulisan anu bakal dipaké saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, hipotésis panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II medar ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan tiori dipedar ngeunaan tiori-tiori nu dipaké dina ieu panalungtikan, di antarana metode konvensional (ceramah), *Blended Learning*, wangenan nulis, aksara Sunda jeung métode *Blended Learning* dina pangajaran nulis aksara Sunda. Lian ti kitu, ogé dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna nu aya patalina kana panalungtikan nu baris dilakukeun, raraga mikir, jeung hipotésis kana ieu panalungtikan.

BAB III Métodé Panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kuasi éksperimén.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan déskripsi jeung analisis data hasil kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus dilaraapekeun metode *Blended Learning*.

BAB V eusina ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi kana ieu panalungtikan.